

# Jere Dechè Danjre nan Fwaye pou Prepare pou yon Siklòn

Prepare pou yon katastwòf natirèl tankou siklòn enkli jesyon dechè danjre nan fwaye (HHW). Atik tankou ajan netwayaj, penti ak batri ka lakoz HHW yo. Katastwòf natirèl yo ka andomaje estrikti ki lakoz HHW souse nan anviwònman an epi lakoz danje. Imaj sa a montre egzanp atik nan divès chanm lakay la ki kapab bezwen bon jan jesyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou byen konsève oswa elimine HHW yo, vizite <https://www.epa.gov/hw/household-hazardous-waste-hhw>.

